

Kòmmand yon batistè

Nou kontan wè ou nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene)

Depatman Sante bay tout moun ki fèt anndan senk minisipalite yo batistè: Brooklyn, Bronx, Manhattan, Queens ak Staten Island.

Sote liy la

Kòmmande batistè ou sou entènèt oswa pa lapòs epi resevwa li nan yon delè 30 jou. Vizite nyc.gov/health epi chèche "order a birth certificate" (kòmmande yon batistè) pou jwenn plis enfòmasyon, oswa ale dirèkteman nan vitalchek.com. Ou ap bezwen yon kont kredi pèsònèl, yon kont debi oswa yon kont kouran pou fè kòmmand sou entènèt, epi kòmmand lan ap kapab fèt sèlman si non ou parèt sou kont lan.

- Kòmmand sou entènèt koute \$15 pou chak sètifika, plis yon chaj \$8.30 pou yo travay sou chak kòmmand.
- Kòmmand pa lapòs yo koute \$15 pou chak grenn sètifika. Pa genyen chaj pou yo travay sou kòmmand lan.

Pase kòmmand lan mwen menm fas-a-fas

Kisa mwen bezwen pou m pase kòmmand lan mwen menm fas-a-fas?

Ou pral bezwen yon foto idantite resan oswa de (2) prèv adrès kote ou rete.

Opsyon Pyès Idantite ak foto yo gen ladan yo:

- Lisans chofè resan oswa lòt pyès Idantite
- Pyès idantite minisipal IDNYC
- Pyès idantite travay avèk yon souch chèk resan
- Pyès idantite Inivèsite oswa kolèj avèk yon kanè nòt ki resan
- Kat rediksyon tarif NYC MTA
- Paspò ameriken oswa etranje oubyen kat paspò
- Kat benefis Eta New York ak foto sou li
- Kat residans pèmanan
- Kat prizonye avèk papyè liberasyon
- Kat Access-A-Ride (aksè pou moun andikape) Vil New York

Opsyon prèv adrès yo gen ladan yo:

- Bòdwo sèvis piblik, tankou bòdwo entènèt, bòdwo gaz oswa bòdwo kouran
- Etadkont kat de kredi
- Kourye yon ajans leta te voye ba ou

Tou de dokiman yo dwe genyen non ou ak adrès ou sou yo, epi yo dwe genyen kòm dat yon dat ki pa depase 60 jou ki sot pase yo. Si w bay de (2) prèv adrès olye yon foto idantite aktyèl, y ap voye sètifika ba ou pa lapòs.

Konbyen sa koute epi kijan pou peye ?

- Tout batistè ak akdesè koute \$15 pou chak sètifika plis \$2,75 w ap gen pou peye yon sèl fwa pou verifikasyon idantite w. Pa egzanp, pri yon sèl sètifika se \$17,75. De sètifika = \$32,75; Twa sètifika = \$ 47,75; elatriye.
- Peye ak yon kat de kredi, yon kat debi, yon chèk oswa yon manda postal. [Nou pa aksepte lajan kach.](#)

Kòmman pou mwen kòmmande yon akdesè ?

Tanpri, mande yon ajan sèvis kliyan aplikasyon pou akdesè NYC (Vil New York). Yon ajan nan sèvis kliyan pou batistè ap ede w ak kòmmand ou yo.

Pale ak yon ajan sèvis kliyantèl si ou gen nenpòt kesyon.

